

SS.7.C.1.8

Eksplike opinyon Federalis yo ak Anti-Federalis yo konsènan ratifikasyon Konstitisyon an ak enklizyon nan yon deklarasyon dwa.

SS.7.C.1.8 Klarifikasiyon Sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo ap rekonèt rezon Anti-Federalis yo pou enklizyon deklarasyon dwa yo nan Konstitisyon Etazini an.

Anti-Federalis yo te panse ke li te enpòtan pou Konstitisyon an genyen ladan yon deklarasyon dwa. Sa a enimere dwa espesifik pou pwoteje diskou, pwopriyete, ak libète reliyon pèp la, nan mitan anpil lòt dwa, ta pwoteje pèp la kont gouvènman federal la pou pa abize pouwva li. Fason ke Britanik yo te trete kolon yo anvan yo te deklare endependans, te fre nan lespri yo. Anpil Ameriken te santi ke yon lis espesifik dwa yo te nesesè.

Tout eta yo te evantyèlman **ratifye** Konstitisyon an. Yon ti tan aprè **ratifikasiyon** an, Kongrè a ak eta yo te ratifye **Deklarasyon Dwa** yo tou. Konpwomi sa a te pèmèt **Federalis** yo, pou yo te ratifye Konstitisyon pandan yap respekte kwayans Anti-Federalis yo tou ke yon deklarasyon dwa te nesesè pou pwoteje dwa pèp la.

Anti-Federalis – yon gwoup moun nan tan lontan Etazini yo ki te opoze ratifikasiyon Konstitisyon Etazini an paske yo te pè yon gouvènman nasional ki twò pwisan ak yon mank pou pwoteksyon dwa endividyèl

Deklarasyon Dwa – dis premye amannman ki nan Konstitisyon an

Federalis – yon gwoup moun nan tan lontan Etazini ki te favorize etablisman yon gouvènman nasional ki gen fòs ak ki te travay pou ratifikasiyon Konstitisyon Etazini an

ratifikasiyon – pwosesis pou apwouve fòmèlman yon bagay; ratifikasiyon Konstitisyon Etazini an

ratifye – eksprime konsantman pou confime; fòmèlman apwouve